



Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PIBLIKASYON PIBLIK ETID ANVIWÒNMANTAL POU KORIDÒ I-787 LA

Re-imagjine I-787 avanse ak opinyon piblik ki soti nan etid sou Lyen ant Planifikasyon ak Anviwònman

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon pwojè [etid sou Lyen ant Planifikasyon ak Anviwònman](#) (Planning and Environment Linkages, PEL) pou koridò Interstate 787 nan Konte Albany. Etid la — yon kolaborasyon ant Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ak Administrasyon Otowout Federal (Federal Highway Administration, FHWA) — vize abòde bezwen transpò sou koridò I-787 la, pandan y ap rekonekte kominote yo ak amelyore aksè ak litoral Hudson lan.

Konstwi nan ane 1960 yo, I-787 pakouri paralèl ak Rivyè Hudson, epi sèvi vil Albany ak Watervliet, ansanm ak vil Colonie ak Menands, ak vilaj Green Island. Etid PEL la eksplòre yon kantite opsyon pou rekonstriksyon koridò I-787 la, li pwopoze diferan amelyorasyon kalite lavi pou rezidan lokal yo epi li baze sou Etid 2018 Konsèy Transpò Rejyon Kapital la (Capital Region Transportation Council) pou Koridò Litoral Hudson I-787 la — ki te dekri divès konsèp ak analiz adisyonèl ki nesèsè pou amelyore enfrastrikti koridò a — epi idantifye opòtinite pou rekonekte kominote yo ak rivyè a ak youn ak lòt.

"Litoral Hudson River a se youn nan pi gwo resous Rejyon Kapital la, epi konstriksyon I-787 te retire aksè ak mèyèy natirèl sa a pou anpil jenerasyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Etid sa a bay Nouyòkè yo ki ap viv ak travay toupre I-787 priyorite nan chèche youn litoral ki pi aksesib pou tout moun epi li prezante pwopozisyon enpòtan sou kalite lavi ki pral transfòme kominote yo pou pi bon."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, n ap re-imagjine enfrastrikti ki egziste deja epi n ap travay pou retabli koneksyon nan kominote yo toupatou nan eta a, ki gen ladan Albany – kit se koneksyon ak kominote vwazen yo, litoral la, biznis oswa lojman – ki te separe lè I-787 te konstwi orijinalman. Nivo enterè piblik ak patisipasyon nan re-imagjine koridò I-787 la te dinamize epi mwen pa ka tann angajman kontinyèl Depatman Transpò Eta New York la ak kominote a, ki pral enfòme dirèkteman avni koridò sa a."

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Etid pwojè jodi a reprezante yon vizyon kolektif ki pi briyan pou Rejyon Kapital nou an. Pandan tout pwosesis sa a, kominote nou an te angaje ak patisipe yon fason entim nan chak etap. Lè nou te kòmanse vizyon sa a kèk ane de sa, li te deklanche yon dezi nan Rejyon Kapital la pou wè tout potansyèl nou reyalize nan fòm yon bòdmè Rivyè Hudson ki rekonekte. Nou ap pwoche pi pre konsepsyon final ak konsèp sa a, epi mwen ankouraje piblik la pou l kontinye fè tandè vwa yo. Ansanm, n ap trase yon nouvo avni pou zòn nou an ki pral korije mal istorik yo epi kreye yon nouvo Rejyon Kapital pou dè dekad k ap vini yo."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Feedback manm kominote nou yo konsènan avni I-787 la esansyèl. NYSDOT te pwograme yon jounen ouvè pou pèmèt plis opinyon piblik sou rapò pwojè a. Pandan tout pwosesis sa a, NYSDOT te fè anpil reyinyon angajman piblik sa ki fè konprann ke opinyon rezidan nou yo enpòtan anpil."

Kathy Sheehan, ki se Majistra Vil Albany, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè a, DOT ak patnè lejislatif nou yo pou angajman kontinyèl yo nan etid I-787 Reyimajine a. Antanke Majistra Albany, mwen kontan anpil konsènan potansyèl pwojè sa a pou rekonekte vil nou an ak litoral li a. Mwen ankouraje rezidan nou yo pou yo tandè vwa yo gras ak kòmantè piblik yo epi patisipe nan pwosesis sa a. Feedback w ap bay sou pwojè sa a pral ede konstwi vil nou imajine ki posib."

Majistra vil Rensselaer Michael Stammel, te deklare, "Mwen te wè anpil sipò kominotè pou Reyimajine 787 la ki soti nan men rezidan Albany ak Rensselaer yo ak anpil gwoup sivik. Kapasite pou aksè piblik nan Rivyè Hudson Istorik la san sipò pon, ranp ak wout anlè yo pral eklere anba lavil yo sou toude bò larivyè a pandan y ap bay opòtinite biznis, epi li toujou bay aksè nan Interstate I-87 ak I-90 la."

Plizyè santèn rezidan ak moun ki gen enterè yo te patisipe nan de jounen pòt ouvè nan anba lavil Albany — an jiyè 2023 ak me 2024, e sa te lakòz plizyè milye kòmantè ki te enfòm devlopman Rapò PEL Pwojè a. Anplis de sa, NYSDOT te fè plizyè douzèn jounen kominotè ouvè ki pi piti pandan dènye ane a pou asire chak moun ki gen enterè yo te gen opòtinite pou yo fè pati pwosesis la.

Sensibilizasyon piblik la pral kontinye semèn pwochèn ak yon jounen pòt ouvè ki te pwograme pou mèkredi 23 oktòb apati 4 p.m. jiska 7 p.m. nan premye nivo Albany Capital Center nan sant vil Albany. Pwogram nan pral gen ladan pataje detay sou rapò pwojè a ansanm ak konsèp pou abòde bezwen transpò ak amelyore koneksyon kominotè ak aksè ak litoral nan koridò I-787 la. Ekip etid "Reyimajine I-787" la ap disponib tou nan estasyon entè-aktif pou diskite sou konsèp sa yo, reponn kesyon ak kolekte opinyon.

Anplis jounen pòt ouvè prensipal la, NYSDOT pral rekòmanse òganize ti evènman ki konsantre sou kominote a nan lokal sa yo:

- The First Church (Premye Legliz) nan Albany: 110 North Pearl Street, madi 29 oktòb, 5 p.m. jiska 7 p.m.
- Otorite Lojman Albany: 200 South Pearl Street, mèkredi 30 oktòb, 5 p.m. jiska 7 p.m.
- Howe Library: 105 Schuyler Street, mèkredi 6 novanm, 5 p.m. jiska 7 p.m.

NYSDOT pran angajman pou l asire tout moun ki gen enterè yo gen anpil opòtinite pou aprann epi bay opinyon sou etid PEL la pandan l ap pwogrese. Pou aprann plis sou etid la, oswa pou soumèt kòmantè, tanpri vizite sit entènèt etid la nan: 787.dot.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)